A
A-61

G.X. ANDERSEN



# SÚYKIMSIZ PALAPAN

UDK: 821.113.4-3434
BBK: 5.Qar
A-61

**G.X. ANDERSEN.**
**Súykimsiz palapan:** *Ertek* — Nókis: «Qaraqalpaqstan» baspası, 2016-jıl, 36 bet.



ISBN 978-9943-4731-3-3

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 87817

© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2016-j.
© G.X. Anderson. 2016-j.



Qalanıń sırtı ájayıp-aw! Jaz waqtı. Dalańlıqta qara biyday altınday jarqırap, sulı kógerip turǵan, shóp-shar ósken. Uzın ayaqlı aqqutan jasıl aydında qıdırıp júrip, egipet tilinde sóyleytuǵın — bul tildi ol anasınan úyrengen.

Dalańlıq penen aydınlıqtıń arjağında qalıń toğaylıq sozılıp jatır. Onda tereń kóller bar. Awa, qalanıń sırtı oğada ájayıp-aw!

Kún nurına qaqlanıp eski mákan-jay jatır, aylanasın kók suwlı tereń or qorshağan. Úy túbinen suwğa deyingi aralıqqa túye taban ósken. Ózi júdá úlken, eń úlken japıraqtıń astında kishkentay balalar boyı menen tik turıwğa boladı. Túye tabanlardıń arası dál bir qalıń toğaydağıday jım-jırtlıq, jabayı qula dúz. Mine, tap sol jerde bir úyrek máyek basıp otırıptı. Ol kópten berli otır, endi jalığayın da dedi. Onıń ústine kewlin sorap keliwshiler de az — túye tabannıń arasında bunıń menen qırqıldasıp otırğansha, basqa úyrekler ordağı suwda júzgendi unatadı.

Aqırı, máyeklerdiń qabıqları shıtırladı.

—Pip! Pip! — dep shıyqıldadı ishindegiler.

Barlıq máyeklerdiń sarıwızına jan pitip, basların qıymıldattı.

—Qırq! Qırq! — dedi úyrek.

Úyrektiń kishkentay palapanları qabıqtan áste-áste tırmasıp shığıp, aynalağa qızığa qaradı, jasıl túye tabanğa úńilisti. Anası olardı irikpedi — jasıl tús kózge paydalı ğoy.

— Oh-o dúnya qanday keń edi! — dedi palapanlar.

Olarǵa tar qabaqtıń ishinde jatqan gezindegiden mına jaqtı dúnya biraz keń ǵoy.

— Dúnyanıń bári tek usı jer ǵana dep oylap qaldıńlar ma? — dedi anası.—Qaydaǵı! Ol alıslarǵa sozılıp jatır, baǵdan asıp, ana jaqqa, men tuwılǵalı bolıp kórmegen dalaǵa ketedi!.. Qalay, qabıqtan báriń shıǵıp boldıńlar ma? — Ol ornınan turdı. — Túw, ele bar eken ǵoy. Eń úlken máyek ele pútin! Aqırı bola ma, bolmay ma bunıń! Shıdamım jeter emes endi.

Ol uyaǵa qayta qurq basıwǵa otırdı.

— Al, jaǵdayıń qalay? — onıń jaǵdayın sorap kelgen ǵarrı úyrek.

— Mına bir máyekke shamam kelmey otır, — dedi jas úyrek. — Jarılar emes. Onıń esesine mına kishkentaylarǵa qarashı! Qanday tamasha! Bári shetinen — quyıp qoyǵan ákesi.

— Qáne, maǵan jańaǵı ele jarılmaytuǵın máyekti kórsetshi, — dedi ǵarrı úyrek. — Sózime isene ber, bul túyetawıqtıń máyegi. Meni de birde dál usılay aldaǵan. Sol túyetawıqlardan kórgen azabım ba? Men olardı suwǵa jaqınlata

almay qoyǵanman. Qırqıldayman, qırqıldayman kelip — qasıma jolamaydı, ne islerseń! Qáne, taǵı bir kóreyinshi. Ayttım ǵoy, dál ózi! Túyetawıqtiki! Bunı tasla da óz palapanlarıńdı júziwge úyret!

— Joq, aqırı bolar is boldı, taǵı da azǵana otırayın, — dedi jas úyrek. — Kóbine shıdadım ǵoy, endi azına da shıdarman.

— Onda otıra ber! — dep ǵarrı úyrek ketip qaldı.

Aqırı úlken máyek te jarıldı.

— Pip! Pip! — palapan shıyqıldap máyektiń qabıǵınan domalap tústi.

«Oy, mınaw qanday, úlken jáne súykimsiz edi!».

Úyrek oǵan hayran bolıp qaradı.

— Ne degen úlken! — dedi ol. — Basqalarǵa dım usamaydı! Rası menen-aq túyetawıqtıń palapanı ma? Meyli, kúsh penen iytersem, men onı suwǵa túsiremen ele!

Erteńinde hawa rayı júdá jaqsı boldı, jasıl shópler kún nurına malındı.

Úyrek palapanların shubırtıp kólge atlandı. Sholp etip, ózi suwǵa tústi.





— Kryak! Kryak! — dep shaqırdı ol. Palapanlar da biriniń artınan biri sholpıldap, suwǵa túse basladı.

A degende olar suwǵa batıp ketti, shala-pula jılt etip shıǵa kelip, alǵa zımıray júzdi. Kishkene tabanları zıp-zıp etedi. Sonday-aq, súykimsiz palapan da basqalardan qalıspaydı.

—Qaydaǵı túyetawıqtıń balası bul? — dedi úyrek. — Ayaqları menen qanday jaqsı etip júzedi! Denesin dúziw uslaydı! Joq bul meniń ulım. Qáne, tezirek izimnen erińler! Bizler quslar mákanına baratırmız. Házir sizlerdi sol ortalıq



penen tanıstıraman. Tek ózim menen qatarlasa júrińler, birew-mirew basıp ketpesin, ásirese, pıshıqtan saq bolıńlar!

Kóp uzamay awıldağı quslarğa da jetti. Bárekella! Bul ne qılğan shawqım! Eki úyrek bir jılan balıqtıń basına talasıp atır eken. Aqırı ol pıshıqqa buyırdı.

— Jaqtı dúnyada nesiybesi usınday boladı! — dep, úyrek tili menen tumsığın jalap qoydı — jılan balıqtıń basın túrtkilewge ózi de qarsı emes edi. —Qáne-qáne, ayaqlarıńdı tezirek basıńlar! — dedi ol palapanlarına. — Anaw turğan ğarrı úyrekke sálem berińler! Ol bul jerdegilerdiń ataqlısı. Ózi ispan tuqımınan, sonlıqtan da júdá semiz. Ayağındağı qızıl perdelerin kórdińizler me? Qanday ájayıp! Bul — úyrek atawlığa kórsetile alatuğın ayrıqsha belgi. Yağnıy, onı kózden tasa qılğıları kelmeydi, ayağındağı qızıl perdege qarap, onı adamlar da, mallar da birden tanıydı. Qáne, tezirek qıymıldańlar! Ayaqlarıńdı bir-birine qosıp uslamańlar! Ádepli palapanlar ákesi menen sheshesi sıyaqlı tabanların sırtqa shığara burıńqıray, alshaytıp basadı. Mine, bılay! Qarańlar! Endi baslarıńızdı iyip qırqıldańlar!

Olar dál solay isledi. Biraq, basqa úyrekler bulardı kórip shawqımlasıp ketti.

— Al kerek bolsa, taǵı bir qorası kiyatır! Bizge endigi jetpegeni usılar edi! Ana birewin qara qanday súykimsiz eken! Bul sıqılsızǵa dım shıday almayman!

Sol waqıtta-aq bir úyrek quyınday kelip, onıń moynın tislep aldı.

— Tiymeńler oǵan! — dedi sheshesi. — Ol sizlerge hesh nárse de qılǵan joq ǵoy!

— Solay-aq deyik, biraq ol zorrıyǵan úlken, sıqılsız birew ǵoy! — dep tońqıldadı dolı úyrek. — Oǵan shıraylı bolıp júriwdi úyretiw kerek.



— Balalarıń shıraylı eken! — dedi ayaǵı qızıl perdeli ǵarrı úyrek. — Shetlerinen júdá súykimli, tek birewi ǵana... Mınaw onsha sulıw bolmay qalıptı! Qaytadan islese jaqsı bolar edi.

— Tilegińizdi bersin, ol dım múmkin emes ǵoy! — dep juwap berdi sheshesi. Kóriksiz ekeni ras, biraq aq kewil, qayırqom. Ózgelerden bir de kem júzbeydi, dım artıq júzedi desem de boladı. Waqıt ótip kishireyińkirep, basqalar menen teńlesedi ǵoy dep oylayman. Ol máyekte kóbirek jatıp qaldı, sol sebepli ózgeshelew bolıp shıqtı. — Ana úyrek balasınıń jawırınlarınan sıypadı... — Ózi er bala, oǵan sulıwlıqtıń da keregi joq. Ol kúshli bolıp jetilisse boldı.

— Basqa palapanlarıń bári súykimli.— dedi ǵarrı úyrek. — Ózlerińizdi óz úylerińizde júrgendey sezińler, eger jılan balıqtıń basın alıp kelseńiz, maǵan berseńiz boladı.

Sóytip, palapanlar óz úyinde júrgendey bul jerde erkin sayranladı. Tek máyekten kesh shıqqan, sıqılsız bayǵus palapandı bári jabıla túrtkileydi. Úyrekler ǵana emes, tawıqlar da onı tislep, iyterip, mazaq etti.

— Dım qolaysız iri! — desti olar.

Tobıq tusında eki biz tuyaǵı bar, ózin imperator dep esaplaytuǵın indiya tawıǵı turpatı bir jelqomın jayǵan kemedey jarbıyıp, palapanǵa qarap turıp ashıwlanıp, ayaqları menen tepkiledi.

Biyshara palapan ne islep, qayda bararın bilmedi. Pútkil qus bazarı kúlki etetuǵınday usılay súykimsiz bolıp ósiwin qara!

Dáslepki kún usılay etip ótti, sonnan keyin jaǵdayı dım qıyınlastı. Palapandı basqalar túwe, tuwǵan ini-qarındasları da: «Sendey sıqılsızdı pıshıq ta jep ketpeydi eken!» — dedi ashıwlanıp.

Anası da: «Seni kórgim kelmeydi, arı ket!» dep quwıp jiberdi. Úyrekler tislep, tawıqlar shoqıdı, al bularǵa jem ákelgen qız onı ayaǵı menen ısırıp tasladı.

Aqırı, palapan shıday almay, ortalıqtan shıǵıp ketti. Shaqalarda qonıp otırǵan torǵaylar shorshıp ketip, pırılday ushtı.

«Olar mennen qorıqtı — sonda sonsha sıqılsız bolǵanım ǵoy!» — palapan kózin jumǵan halda alıslap kete berdi. Ol jabayı úyrekler jayılatuǵın shalshıq suwǵa duslasqansha juwırdı. Ol bunda tún boyı jattı. Ózi qattı sharshadı, jáne onı awır kewilsizlik bastı.

Azan menen jabayı úyrekler uyalarınan turıp, biytanıs palapandı kórdi.

— Bul ne qılǵan qus? — dep soradı olar.

Palapan úyrek shır aylanıp, ján-jaǵına qaradı.

— Túw, qanday súykimsizseń! — dedi jabayı úyrekler. — Bizlerdiń seniń menen jumısımız joq, biraq bizler menen birge jasaymız dep oylama.

Biyshara palapan onı hesh qıyalına keltirip te atırǵan joq. Oǵan tek mına qamıstıń arasında otırıp, shalshıq suwdan ishiwge ruqsat berse boldı.

— Tıńlashı dostım! — dedi olar.— Seniń túriń adam kúletuǵınday eken, al shının aytqanda, sonıń menen bizlerge unaysań! Basıń erkin qus bolıp, biz benen birge júrgiń kele me? Mınaw jaqın jerde basqa shalshıq bar, onda súykimli jabayı nashar ǵazlar turadı. Olar: «Qańq, qańq!» — dep sóyley aladı. Sen mına sıyqıń menen, kim bilipti, olardıń kewline unawıń múmkin.

Birden shalshıq suwdıń ústi «tars-turs» ete qaldı da, ǵazdıń qos palapanı qamıs arasına jansız quladı. Suw qan menen boyaldı. Taǵı da: «Tars-turs» — qamıs arasınan bir top jabayı

ǵaz dúr kóterildi. Atıs kúsheyip ketti. Ańshılar shalshıq suwdı aynala qorshap aldı, geybirewi suwǵa dónip turǵan aǵash putalarına otırıp alıptı. Kógildir tútin aǵashlardıń betin qaplap, suw betine tarqay basladı. Shalshıq suwdı shılpıldatıp, ańshı iytler juwırıstı. Qamıslar menen basqa jabayı shópler teńsele shayqaldı. Bayǵus palapannıń húreyi ushıp, qorqıp qaldı. Ol basın qanatınıń astına jasıra berip edi, birden tili salaqlap, kózleri jarqıraǵan ańshı iyti tap qarsı aldınan shıǵa keldi. Ol palapanǵa qarap, ótkir tislerin bir shıqırlattı da, shılp-shılp etkizip, arı qaray juwırıp ketti.



«Tiyisken joq, — dep oylap, esin jıynadı palapan. — Meniń sıqılsızlıǵım sonsha, iyt te jewden jerkendi-aw!».

Sóytip, ol qamıs arasına jasırındı. Qayta-qayta mıltıq atılıp, tóbesiniń ústinen ısqırıp oqlar ushtı.

Atıs tek keshke qaray basıldı, biraq palapan tırp etpesten, qozǵalıwǵa qorqıp otırdı. Bir neshe saat ótti. Aqırı, ol turıwǵa ıńǵaylastı, aynalasına abaylap qarap aldı da, dala boylap qashtı. Samal kúshli esip, palapan zorǵa jıljıdı.

Túnge qaray ol eski bir úyge kelip jetti. Úydiń gónergeni sonsha, qulap qalayın dep turıptı. Tek qay jaqqa quların bilmey turǵan sıyaqlı.

Kúshli samal palapandı ushırıp keteyin dep turǵanda, ol erksiz quyrıǵı menen jer tireydi.

Baxtına qaray, úydiń esiginiń bir topsası shıǵıp ketip, qıysayıp zorǵa ilinip turǵanın ańladı. Esiktegi sańlaqtan úyge ańsat ǵana kiriwge boladı eken.

Bul úyde óziniń bir pıshıq jáne bir tawıǵı menen kempir jasaytuǵın edi. Pıshıǵın ulım dep sanaydı eken. Pıshıǵı jotasın gújireytip, pırıldap, júninen jalın shıǵara aladı eken, biraq ol ushın qılshıq júnin qarsı qayra sıypaw kerek. Tawıǵınıń





RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 87817

ayaqları kishkene jáne qısqa eken. Sonlıqtan da, onı Mırtıqayaq dep ataydı eken. Ol waqtı menen kúnde máyek tuwadı eken, kempir onı tuwǵan qızınday jaqsı kóredi eken.

Azan menen olar basqa palapandı bayqap qaladı. Pıshıq pırıldıp, tawıq ǵoq-ǵoqlay baslaydı.

— Ne bolıp qaldı? — dep soradı kempir.

Ol aynalasına kóz salıp, múyesh jaqta otırǵan úyrektiń palapanın kórdi. Kózi ázzi kóretuǵın kempir úyrektiń palapanın úyinen adasıp ketken úlken, semiz úyrek eken dep oylap qaldı.

— Mine, kútpegen olja! — dedi kempir. — Eger bul erkek úyrek bolıp júrmese, endi úyrektiń de máyegi boladı. Sınap kóremiz ele!

Sóytip, úyrektiń palapanın sınaqqa aldı. Aradan úsh hápte ótti, biraq hesh qanday máyek kórinbedi.

Bul úyde naǵız basshı pıshıq boladı, al xojası tawıq edi. Ekewi qosarlana: «Kempirdiń baylıǵı bizler bolamız!» dep maqtanadı eken. Úyrektiń palapanı buǵan basqasha kózqarasta edi. Biraq, tawıq oǵan sóz bermeydi.

— Sen máyek tuwa alasań ba? — dep soradı ol palapannan.

— Joq.

— Onda tilińe bekkem bol!

Al, pıshıq qosarlanıp:

— Sen jotańdı gújireytip, jalın shıǵarıp yamasa pırılday alasań ba? — dep soradı.

— Joq.

— Onda aqıllı adamlar sóylegen gezde, suǵılısa bermey tur!

Palapan úrpeyip jaydıń múyeshinde otırıp qaldı.

Birden taza hawada suwda júzgisi kelip ketti. Shıday almay bul oyın tawıqqa ayttı.

— Saǵan ne bolǵan? — dep soradı tawıq. — Jumıs islemegen soń, miyińe qaydaǵı qılıqlar keledi. Máyek tuw yamasa pıshıqqa qusap pırılda, sonda jinliligińniń bári ketedi!

— Ex, suwda júzgen qanday jaqsı hám ráhát! — dedi palapan. — Basıń menen eń tereńge súńgip ketseń, qanday ráhát!

— Ráhátti tapqan ekenseń! — dedi tawıq. — Sen ádewir aqılıńnan adasıpsań! Pıshıqtan sora — ol men biletuǵınlardıń hámmesinen aqıllı — júziw, súńgiw degenler oǵan ańsat pa eken. Ózim tuwralı dım aytpay-aq qoyayın! Bolmasa bizlerdiń kempir apamızdan sora, dúnyada onnan

artıq aqıllı adam joq! Basın tómenge qaratıp, tereńge súńgiw jaqsı ma eken, ol saǵan aytıp beredi.

— Sizler meni túsinbeysizler! — dedi palapan.

— Eger mına biz túsinbesek, onda seni kim túsinedi! Sonda sen, meni aytpaǵanda pıshıq penen kempir apamızdan da aqıllı bolǵanıń ba? Jinlilen be, onnan da ózińe islegen jaqsılıqlarımızǵa razı bol! Saǵan baspana berip, baǵıp-qaqtıq, biraz nárselerdi úyreniwge bolatuǵın usınday adamlarǵa qosıldıń. Biraq, seniń miyiń joq eken, sen sóylesiwge de arzımaysań. Maǵan isene ber! Men saǵan jaqsılıq tileymen, sonlıqtan da saǵan durısın aytıp urısaman. Shın doslar usınday da bilinedi. Máyek tuwıwǵa tırıs, bolmasa pıshıq sıyaqlı pırıldap, jalın shıǵarıp úyren!

— Onnan da basım awǵan jaqqa ketkenim jaqsı ǵoy dep oylayman, — dedi palapan.

— Onda júre ber! — dedi tawıq.

Palapan ketip qaldı. Ol suwda júzip, bası menen tómen súńgidi, átirapındaǵılardıń bári de burınǵıday onı keleke etip súykimsiz dep mazaqlap, ústinen kúle basladı.

Gúz keldi. Terektiń japıraqları sarǵaya basladı.



Samal olardı qaǵıp alıp, hawada dóńgelete qalqıtadı. Ayaz kúsheydi. Birese qar borap, birese burshaq jawdı.

Terekte qonaqlap otırǵan qara ǵarǵa tońǵanınan bar dawısı menen ǵarqıldaydı. Iy-ya! Bunday ayazdı oyǵa alǵannıń ózinde tońa baslaysań! Biyshara palapannıń awhalı dım awır boldı.

Bir kúnleri keshke qaray, kún ele bata qoymaǵan waqıtta, toǵay ústinen bir top ájayıp, úlken quslar toparı ushıp ótti. Bunday sulıw quslardı hesh qashan kórmegen palapan hayran





bolıp qarap qaldı. Olardıń barlıǵı appaq, uzın moynı tez iyiletuǵın quslar eken.

Bul — aq quwlar edi. Olar bir túrli qızıq ses shıǵarıp, úlken sulıw qanatların qaǵıp, suwıq túse baslaǵan soń kók teńizdiń arǵı tárepindegi jıllı úlkelerge ushıp ketip baratır edi. Quslar topari kók jiyekke kóterilip, kózden ǵayıp bolaman degenshe palapan olarǵa qarap turdı. Júregi bir túrli bolıp, kewlin bir túsiniksiz sezim biylep aldı. Olardıń qanday qus ekenliklerin bilgisi keldi. Dawıs shıǵarıp, qasına shaqırǵısı keldi. Biraq, óz dawsınan ózi shorshıp ketti. Birden suwdıń túbine súńgip, qayta shıqtı. Kópke deyin ózine kele alǵan joq. Sulıw quslardı qattı unatıp qaldı, dúnyada usıǵan deyin hesh kimdi de bulay etip jaqsı kórgen emes edi. Joq, olardıń sulıwlıǵın qızǵanǵan joq. Túbinde olar sıyaqlı ájayıp sulıw qus bolatuǵının oylamadı da.

Eger mına úyrekler óz aralarınan quwıp jibermese, ol soǵan da quwanǵan bolar edi. Súykimsiz biyshara palapan!

Qılıshın súyrep qıs keldi. Kóldiń betine muz tolıq qatıp qalmawı ushın palapan tınbastan júze





berdi, júze berdi. Biraq, qattı suwıq sebepli suw betine muz qata basladı. Qansha júzgeni menen biyshara palapan hesh ilaj ete almadı. Haldan tayıp, muz ústine jıǵıldı. Ayaqları muzǵa qatıp qaldı.

Azan menen kóldi jaǵalap bir shopan ótip baratır edi. Ol muzǵa qatqan palapandı kórdi. Qolındaǵı temir qazıǵı menen muzdı sındırıp, shala-jansar qustı shapanına orap, hayalına alıp bardı. Úy ishine ot jaǵıp, palapannıń boyın jılıttı.

Shopannıń balaları palapan menen oynamaqshı boldı, biraq ol shorshıp ketip, qanatların qaǵıp sút tolı shelekke urıldı. Sút shayqalıp, tógildi. Shopannıń hayalı baqırıp, qolların erbeńletti. Palapan bólme ishinde zır juwırdı, may quyılǵan ıdısqa túsip, baqırıstan húrreyi ushıp un salınǵan gúbi túsip ketti. Biyshara palapannıń shırayı jańa ǵana ashıldı ǵoy!

Úy iyesi onı qolına shıbıq alıp quwalay basladı, balalar bir-birin qulata juwırıp, palapannıń háreketlerine ház etip kúlisti. Esiktiń ashıq turǵanı palapanǵa jaqsı boldı: tezden zıp berip qalıń putalardıń arasına kirip ketti. Sol jerde palapan haldan tayıp uzaq jattı.



Sol qıs qattı kelip, biyshara palapannıń ótken ómiri dım ayanıshlı edi.

Kún óziniń altınday tawlanǵan nurların jer betine ayamay tógip, átiraptı qızdıra baslaǵan edi. Bul waqıtta palapan shalshıq suwda emes, qamıs arasında jatırǵan edi. Átshókler shaqırıp, ana tábiyat sulıw kóriniske ene baslaǵan waqıt.

Putalar arasında birden shıtırlı ses shıqtı. Palapan qanatların qaqtı, aspanǵa kóterildi. Endi onıń qanatları burınǵıday hálsiz emes, bir qansha qatayǵan edi. Tez de ushıp keliwi menen bir sulıw baǵqa kelip qondı. Alma aǵashları bári



tutas gúllegen. Xosh iyis taratıp turǵan miywe terekleri átirapqa sán berip turıptı. Ne degen gózzallıq báhár pasılı!

Bir waqıtları qalıń qamıslıqtıń arasınan bir-birinen shıraylı úsh aq quw júzip shıqtı. Olardıń dizbeklesip suw betinde súwret salǵanday qıyalap jep-jeńil júziwleri palapanǵa biraz nárselerdi esletti. Ol dárriw tanıdı: bayaǵı sulıw quslar. Sol waqıtta palapannıń kewli qabardı.

— Anaw quslardıń qasına ushıp barayın. Meniń súykimsiz túrimdi kórip olar shoqıp taslasın.



Meyli! Úyrek penen tawıqlardıń shoqıǵanına, qus baǵıwshı qızdıń tepkenine kóngenshe, qıstıń qattı ayazı menen ashlıǵına shıdaǵansha, solardıń soqqısınan ólip ketkenim jaqsı!

Sóytip, suwda júzip quslardıń qasına bardı, olar da bunı kórip áste júzip kele basladı.

—Óltirińler meni! — dedi súykimsiz palapan basın tómen iyip.

Birden ol aynaday jarqıraǵan tınıq suwdıń betinde óziniń súwretin kórdi. Ol endi burıńǵı súykimsiz qara sur palapan emes, appaq aq quw bolıp jetisipti.

Endi palapan óz basınan keshken hár qanday qayǵı menen azapqa razı edi. Ol talay qıyınshılıqlarǵa shıdaǵan, qádiri ayaq astı etilgen biyshara qus ómirdiń bahalılıǵın hám gózzallıǵın júdá jaqsı túsinedi. Aq quslar onı dógereklep júzip, onıń tula boyın tumsıqları menen taray basladı.

Usı gezde baǵqa kishkene balalar juwırıp keldi. Olar aq quwlarǵa nannıń qıyqımı menen biyday shasha basladı. Al, aralarındaǵı eń kishkene bala:

— Taǵı bir aq quw jańadan ushıp keldi! Basqa aq quw ushıp keldi! — dep qol shappatlap quwanıp baqıra basladı.

Oǵan qalǵanları da qosılıp:

— Jańa aq quw, basqa aq quw, — dep quwanısıp baqırıstı.

Sonnan keyin kishkene balalar ata-analarınıń qasına juwırıp barıp jáne de dán ákelip quslarǵa shasha basladı. Jaǵaǵa jıynalǵan balalar menen úlkenler:

— Jańa ushıp kelgen aq quw bárinen de shıraylı, bárinen de aǵla eken! — desti.

Burınǵı aq quwlar onıń aldına basların iydi.

Al ol bolsa qısılıp, basın qanatınıń astına jasırdı, nege olay isledi onı ózi de bilmeydi. Bári buǵan kúlip, ótkendegi qapashılıqların esine saldı. Endi kelip bári: sulıw aq quwlardıń ishindegi eń shıraylısı usı deydi!

Baǵdaǵı sulıw gúller menen ǵaz qatara egilgen sánli terekler bunıń shırayı aldında bas iygendey shaqaların tómen iygen. Al, quyash óziniń altın nurları menen appaq párlerin tap merwerttey jarqıratıp jiberdi.



— Joq, men súykimiz palapan gezimde bunday baxıttı árman etpegen edim! — dep quwanıshlı hawaz sol waqıt gewdesinen shıǵıp ketti.



G. X. ANDERSEN

# SÚYKIMSIZ PALAPAN

*Qaraqalpaq tilinde*
*«Qaraqalpaqstan» baspası*
*No'kis—2016*

Qaraqalpaq tiline awdarǵan
Bazargúl Zivarova

Redaktor *G. Pirnazarova*
Xudojnigi *A. Jarimbetov*